УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2021-1-48-49-55

# ГЪЭЗЭЩIАКIУЭР ПСАЛЪЭУХАМ И ПКЪЫГЪУЭ НЭХЪЫЩХЬЭХЭМ ЯЩЫЩ ЗЫУЭ АДЫГЭБЗЭМ ЗЭРЫЩЫТЫР

**Жылэтеж Хьэжысмел Чылэний и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» «Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и къудамэм адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, hazismel@mail.ru

Мы лэжьыгъэр теухуащ адыгэбзэм и гъэзэщIакIуэм мыхьэнэ (семантикэ), грамматикэ и лъэныкъуэкIэ бгъэдэлъ нэщэнэхэр зэIубз щIыным. Адыгэбзэм и гъэзэщIакIуэм щIэныгъэлI зыбжанэ елэжьами, абы теухуауэ иджыри зэхэгъэкIыпхъэ, убзыхупхъэ Iуэхугъуэ куэд щыIэщ. Псалъэм папщIэ, гъэзэщIакIуэр бзэм къызэрыхагъэкI щIыкIэр, гъэзэщIакIуэу къакIуэ хабзэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр зыхуэдэр. Абыхэм нэмыщIкIэ щыщIагъэ ину къыдолъытэ гъэзэщIакIуэм теухуауэ адыгэбзэкIэ щыIэ лэжьыгъэхэр зэрымащIэ дыдэр. Мы къедбжэкIа Iуэхугъуэхэр зэхэгъэкIыным теухуащ мы лэжьыгъэр.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, гъэзэщIакIуэ, псалъэуха, псалъэ лъэпкъыгъуэ, синтаксис къалэн, лъабжьэгъусэ.

Адыгэбзэ гъэзэщIакIуэм и тхыдэр жыжьэ къыщожьэ. Япэ дыдэ абы тетхыхьар Нэгумэ Шорэщ. XIX лIэщIыгъуэм и кухэм Нэгумэм игъэхьэзыра грамматикэм мыпхуэдэу щетх: «Псалъэухар Iыхьищу зэхэлъщ: гъэзэщIакIуэ, гъэзэщIэн, зэпызыщIэ. 1. ГъэзэщIакIуэм псалъэухар зытепсэлъыхь предметыр къегэлъагъуэ: *тхьэ, Рум, дыщэ»* [Ногма 1959: 146]. Псалъэухам и пкъыгъуэхэр кууэ джын щыщIадзар совет властым и лъэхъэнэрщ. А Iуэхугъуэм елэжьащ бзэщIэныгъэлIхэу Борыкъуей ТI. [Борукаев 1932], Н.Ф. Яковлев [Яковлев 1948], Къардэн Б. [Карданов 1976], Дзасэжь Хь. [Дзасежев 1969], Къумахуэ М. [Кумахов 1989], Урыс Хь. [Урусов 1994], Къэмбэчокъуэ I. [Камбачоков 1997], н. Мыбыхэм я лэжьыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ псалъэухам и пкъыгъуэхэм теухуауэ яIэ еплъыкIэхэр. Абы щыгъуэми, гу лъытапхъэщ, адыгэбзэкIэ тхауэ абыхэм я лэжьыгъэхэм хэтыр зэрымащIэ дыдэм. Иджырей бзэщIэныгъэм игъуэта зыужьыныгъэхэмрэ адыгэбзэ фIэщыгъэцIэхэмрэ (терминхэмрэ) къэдгъэсэбэпурэ гъэзэщIакIуэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ дгъэбелджылыну ди мурадщ.

ГъэзэщIакIуэр – ар псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, псалъэухам и гъэзэщIакIуэпкъым хохьэ, субъект зэхущытыкIэкIэ гъэзэщIэным пыщIарэ, Iуэхугъуэр зылэжьыр е щытыкIэр зыхэлъыр къигъэлъагъуэу. ГъэзэщIакIуэр зезыгъакIуэу гъэзэщIэну къэкIуа лэжьыгъэцIэр лъэIэс/лъэмыIэсым елъытауэ, гъэзэщIакIуэм цIэиIуэ е зыхъуэж псалъэзешэм и гъэпсыкIэ егъуэт. Псалъэухам мыгъэнэхуа зэхэлъыкIэ иIэмэ, гъэзэщIакIуэм псалъэзешэ лъабжьэгъусэ пыувэркъым. IупщI-щхьэ зызэхэт псалъэухахэм гъэзэщIакIуэм и щхьэ лъабжьэгъусэр гъэзэщIэным пытщ. Пкъыгъуэ нэхъыщхьитI зыхэт псалъэухахэм гъэзэщIакIуэу нэхъыбэрэ хэувэ хабзэщ щыIэцIэхэмрэ цIэпапщIэхэмрэ; цIэ хъуа псалъэ лъэпкъыгъуэхэр: плъыфэцIэхэр, бжыгъэцIэхэр, IуэхуцIэхэр; мымащIэрэ – псалъэ зэпхахэмрэ зэхэлъыкIэ мыухахэмрэ.

## 1. ГъэзэщIакIуэу къакIуэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр

ГъэзэщIакIуэу къакIуэ щыIэцIэхэм къагъэлъагъуэ предметхэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ ямызакъуэу зэман, щIыпIэ, нэгъуэщI мыхьэнэхэри. Предмет мыхьэнэ зиIэ щыIэцIэхэр, я лексикэ-грамматикэ нэщэнэм елъытауэ, унейрэ зэдайуэ ягуэш. ЩыIэцIэ унейхэм хохьэ: цIэхэр, унэцIэхэр, адэцIэхэр, цIыхум цIэ лей фIащхэр; щIыпIэхэм, къалэхэм, къуажэхэм я фIэщыгъэцIэхэр; астрономием ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр, н.къ. ЩыIэцIэ зэдайхэм къагъэлъагъуэ зэхуэдэ предмет зыбжанэм я фIэщыгъэцIэ, мыубзыхуа гурыIуэгъуэ, къэхъукъащIэ, н.къ. Абы къыхэкIыу бзэм гъэзэщIакIуэу къакIуэ щыIэцIэ гуп зыбжанэ къыхыбогъэкIыф. Къапщтэмэ, гъэзэщIакIуэу куэдрэ къокIуэ:

1. ЦIэхэр: ***Сосрыкъуэ*** *зекIуэ къикIыжащ* [Нартхэр 1995: 43]; *АтIанэ къищIащ **Уэзырмэдж** нарт гупым къызэрагъэпцIар* [Нартхэр 2017: 56]. ЦIэиIуэ псалъэзешэмрэ зыхъуэж псалъэзешэмрэ иту гъэзэщIакIуэу къэкIуа *Сосрыкъуэ, Уэзырмэдж* псалъэхэм псалъэзешэ лъабжьэгъусэ япыувэркъым, адыгэбзэм цIэхэр гъэнэхуа гъэпсыкIэм иту къагъэсэбэп хабзэкъыми: зытепсэлъыхь цIыхур хэтми тепсэлъыхьымрэ псэлъэгъумрэ ящIэ. Ауэ псалъэмакъыр ямыцIыху гуэрым теухуамэ, е а ямыцIыхур къыхагъэщыну, къыхагъэбелджылыкIыну хуеймэ, а цIэр (ямыцIыхур) гъэнэхуа гъэпсыкIэм иту къахь: *Зэгуэрым **Батрэзыр** щакIуэ дэкIат* [Нартхэр 1995: 326]; *Аргуэру **Лъэбыцэжьейм** пщIыхьэпIэ илъэгъуащ* [Нартхэр 2017: 469].

Гъэнэхуа зэуэкIым иту зэхъуэкIа мэхъу адыгэ унэцIэхэри: *Бахъсэн Гуфэм пщы и пщыжу **Махъэшокъуэ-р** Iусыгъащ* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 313]; *Гъэ кIуам **Абазэ-м** Нартсанэ зыщигъэпсэхуат* [Къармокъуэ 2004: 28].

2. ЩIыпIэхэм, къалэхэм, къуажэхэм я фIэщыгъэцIэхэр: ***Налшык*** *ди республикэм и къалащхьэщ*; ***Хы фIыцIэ-р*** *губжьауэ къыр задэм жьэхолъэр*.

3. Астрономием ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр: ***Шыхулъагъуэ-р*** *кусэу пхырокIыр / Къуаншэу кIыфIыгъэм хэпхъауэ* [КIыщокъуэ 1956: 94]; ***Вагъуэзэшиблы-м*** *загъэзащ, нэху щынущ мыгувэу* [Нало А. 1993: 264].

4. Лъэпкъхэм я цIэхэр: *ИгъащIэми зэрекIуэкIыр арати – **адыгэхэ-р** зэгурыIуэфакъым мыбдежми* [Шортэн 1985: 184]; ***Нэмыцэхэ-м*** *яхъунщIащ, бригадэ пщыIэхэр къагъэуащ* [ШэджыхьэщIэ 1987: 26].

5. КъызэщIэзыкъуэ мыхьэнэ зиIэ щыIэцIэхэр: *Хозяйствэм и **Iэхъушэ-м** Аурсэнтх хъупIэр иуфэбгъуащ*; ***Жылэ-р*** *Iэнкун хъуащ* [КIэрэф 2009: 74]; *НтIэ, арати, **гупы-р** мэкъуауэ дэкIащ* [КIэрэф 2009: 231].

6. Зэман мыхьэнэ къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэр: ***Махуэ-р*** *уэфIт* [КIэрэф 2009: 313]; ***Гъэ-р*** *псынщIэу блэлъэтащ*; ***Гъэмахуэ-р-и*** *къэсащ* [Къармокъуэ 2004: 254].

7. ЩIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэр: *Гъэмахуэ бадзэуэгъуэ хъуауэ **дуней-р** исыжырт* [КIыщокъуэ 2005: 270]; *А жэщым **щIылъэмрэ уафэмрэ** щIэрэщIагъэкIэ зэхьэзэхуэ хуэдэт* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 394].

8. ТелъагъуэкIа мыхьэнэ зыхэлъ щыIэцIэхэр: ***Акъылы-р*** *нэмысщ* [Адыгэ псалъэжьхэр: 2004: 29]; ***Насыпы-р*** *зэи лей хъуркъым* [Къармокъуэ 2004: 256]; ***Гугъэ-р*** *адэ щIэинщ* [Псалъэжьыр… 1991: 24].

ГъэзэщIакIуэу бзэм куэдрэ къыщокIуэ япэ, етIуанэ щхьэ цIэпапщIэхэмрэ ещанэ щхьэм и закъуэ, куэд бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ **а, мо, мы** зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэхэмрэ. Адрей цIэпапщIэ лIэужьыгъуэхэр гъэзэщIакIуэу къыщыкIуэр мащIэ дыдэрэщ.

Къапщтэмэ, **апхуэдэ, мыпхуэдэ, мопхуэдэ** зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэхэр псалъэухам зэрыхэувэр гъэнэхуакIуэущ. Ауэ, цIэм хуэкIуэурэ, ахэр гъэзэщIакIуэ хъуфынущ: *Ауэ **апхуэдэ-р** дэни щыкуэдт* [Къармокъуэ 2004: 204]; ***Мыпхуэдэхэ-р*** *ди лэжьапIэм щыкуэдщ*; ***Мыпхуэдизы-р*** *мащIэ?*

ГъэзэщIакIуэм и синтаксис къалэныр ягъэзэщIэфынущ:

1. Зи щхьэ хущытыж еигъэ цIэпапщIэхэм: *Плъагъуркъэ, **дыдейхэри** куэд щIауэ мэкIуэсэжхэр зырыз-тIурытIу…* [Нало А. 1993: 191].

2. ЗэрыупщIэ цIэпапщIэхэм: *Мы хьэсэм* ***сыт*** *тетыр?* Гу лъытапхэщ зэрыупщIэ псалъэухахэм хэувэ **хэт** е **сыт** зэрыупщIэ цIэпапщIэхэр гъэзэщIакIуэу щубж хъунур абыхэм я гъусэ предикат Iыхьэм лъабжьэгъусэ **-р** пымыувэмэщ: *Хэт фригъаджэрэ? Ар хэт къывжиIа?* ЕтIуанэ Iыхьэм лъабжьэгъусэ **-р** пыувэмэ, **хэт/ сыт** цIэпапщIэхэр Iуэхуцlэ гъэпсыкIэ псалъэухам и гъэзэщIэну къэлъытэн хуейщ: *Хэт къэкIуар? Хэт фезыгъэджар?*

3. ЗыгъэнаIуэ цIэпапщIэхэм: ***Псори*** *нэжэгужэт, я щхьэр уардэу яIыгъыт* [Дыгъужь 2011: 96].

4. Мыгъэнэхуа цIэпапщIэхэм: *Абы пэмыжыжьэу, Жэмал и макъыу къыумыщIэну,* ***зыгуэр*** *къэIуащ* [Къашыргъэ 1957: 226].

5. Мыхъуныгъэ цIэпапщIэхэм: *А нобэрей бжыгъэм* ***зыми*** *шэч къытырихьэркъым.* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 72]; *Уэрам ятIэхэм ягъэщхьэх хъунт, уэрамхэм* ***зыри*** *щызекIуэтэкъым.* [Дыгъужь 2011: 94].

ПлъыфэцIэхэм я синтаксис къалэн нэхъыщхьэр псалъэухам гъэнэхуакIуэу хэувэнырщ. Абы дэщIыгъууи щытыкIэгъэлъагъуэ, ехьэлIа плъыфэцIэхэр псалъэухам гъэзэщIакIуэу щыхэувэ куэдрэ къохъу: ***ПцIэгъуэплъым*** *пабжьэ гуэрэным куэдрэ къыщижыхьащ* [КIэрашэ 1963: 84]; ***Брулыр*** *шэщ гузэгум ит пкъом епхауэ кIэрытт* [КIэрашэ 1989: 337]; *Гъурым* ***цIынэри*** *дос* [Псалъэжьхэр 1967: 53]; ***Дахэ*** *псори дахэкъым* [Псалъэжьхэр 1967: 54].

МыпыухыкIа гурыIуэгъуэ къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэцIэхэр псалъэухам гъэзэщIакIуэу хэувэфынущ: ***Бгъур*** *плIым къутахуэншэу хуэгуэша хъуркъым.*

БжыгъэцIэхэм къатекIа къэхъукIэцIэхэр псалъэухам мардэ хьэлу хэувэ хабзэщ: *Софят пIэкум здисым шэ пщтырым* ***тIэу-щэ*** *йоIуб, иужькIэ егъэщIейри псори ирef* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 152]; *ЦIыкIухэр бгым* ***зэрызэ*** *къежэхащ.* Абы щIыгъуу къэгъэлъэгъуэн хуейщ къэхъукIэцIэ-бжыгъэцIэхэр, контекст гуэрым ехьэлIауэ, гъэзэщIакIуэ къалэнри зэрагъэзэщIэфынур: *Сэ къуршым тIэу сыщыIащ. –* ***ТIэур*** *куэдкъым*; *Хьэблэ фызыр махуэм пхъэхь зэфIэдзакIэ Урыху зэрыкIуэр тIэурытIэ, щэрыщэщ. –* ***ТIэурытIэ***, ***щэрыщэр*** *мащIэкъым.*

БжыгъэцIэхэм я къалэн нэхъыщхьэр предметыр бжыгъэ нэщэнэхэмкIэ ягъэнахуэнырщ. Ауэ, а бжыгъэцIэ-гъэнэхуакIуэхэм, цIэм щыхуэкIуэкIэ, предмет мыхьэнэ ягъуэт, езыхэри псалъэухам хэмыт грамматикэ субъектым е объектым я пIэм йоувэр: ***ТIур*** *къоплъэ.* ***ТIур*** *къодаIуэ.* ***ТIум*** *япхъуатэ.* ***ТIум*** *урахьэжьэри йожьэж* [Нало З. 2008: 202]; ***Зыр*** *мажэ.* ***Зыр*** *мэжей.* ***Зыр*** *мэджэгу* [Нало З. 2008: 204].

ГъэзэщIакIуэм и синтаксис къалэныр мымащIэрэ яубыд инфинитив лэжьыгъэцIэхэм.

ЛэжьыгъэцIэмрэ щыIэцIэмрэ я нэщэнэхэр зэуэ зыхэлъ инфинитивыр гъэзэщIакIуэу къыщыкIуэм деж екIуэкIыкIэ, предмет мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ къегъэлъагъуэ. ЗэуэкI IупщIкIэ фIэкIа зэхъуэкIа хъуркъым, абы щыгъуэми зэпымууэ цIэиIуэ е зыхъуэж псалъэзешэм я лъабжьэгъусэ поувэр: *Аслъэн и* ***еджэны-р*** *зэпыуда мыхъуарэт* [Къармокъуэ 2004: 117]; *Иужьрей зэманым лIыр* ***гупсысэны-м*** *егъэмэхыпэр.*

ГъзэщIэну псалъэухам куэдрэ хэувэ хабзэщ IуэхуцIэр. ПлъыфэцIэм и морфологие категорэхэр хэлъкIэрэ, адыгэбзэ IуэхуцIэм предметым и нэщэнэ къегъэлъагъуэ, бжыгъэрэ псалъэзешэ категорэрэ иIэщ.

ПлъыфэцIэхэм хуэдэу, IуэхуцIэхэр псалъэухам къызэрыщагъэсэбэпыр гъэнэхуакIуэущ. Ауэ, IуэхуцIэр цIэ щыхъум деж, плъыфэцIэхэм ещхьу, предмет мыхьэнэ зиIэ пкъыгъуэу псалъэухам хоувэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэм IуэхуцIэр гъэзэщIакIуэу къыщокIуэ: ***Ирауд*** *бэнэнкIэ зигъэнщIыркъым* [Псалъэжьхэр 1967: 66]; ***Къоджэм*** *уигъэжейркъым* [Псалъэжьхэр 1967: 68]; ***КъэкIуахэр*** *топ джэгункIэ къыттекIуащ.*

МакъыцIэхэр я мыхьэнэкIэ псалъэухам пкъыгъуэу хэувэркъым. Ауэ, щыIэцIэ къалэн щагъэзащIэм деж, ахэр гъэзэщIакIуэу къыщыкIуэ щыIэщ: *Нэхущым къыхэIукIа* ***уэхьэхьей-м*** *хьэблэр напIэзыпIэм къызэфIигъэуващ;* ***Ура-р*** *къэIуащ.*

ГъэзэщIакIуэу къэкIуа макъыщIэхэм, щыIэцIэхэм ещхьу, яхуэфащэ псалъэзешэ лъабжьэгъусэхэр ягъуэт.

ЦIэ хъуа псалъэ лъэпкъыгъуэхэм хуэдэу, гъэзэщIакIуэу къагъэсэбэп морфологиекIэ щыIэцIэм хэмыхьэ псалъэхэр: ***ИкIи-р*** *союзщ;* ***СокIуэ-р*** *глагол лъэмыIэсщ;* ***Б-р*** *макъ дэкIуашэщ.* Мыпхуэдэ къалэн сыт хуэдэ псалъэми игъэзэщIэфынущ, гъэзэщIакIуэу къакIуэрэ, псалъэзешэ лъабжьэгъусэхэр пытыжу. Ауэ апхуэдэ гъэпсыкIэхэм хэт Iыхьэхэм, цIэ хъуа псалъэхэм къащхьэщыкIыу, мыхьэнэщIэ ягъуэтыркъым.

Адыгэбзэм ущрихьэлIэ щыIэщ гъэзэщIакIуэр гъэзэщIэным хэт лъабжьэгъусэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ. Апхуэдэ къалэн егъэзащIэ лъабжьэужь **-Iа**-м: *Абы хэту пщIантIэм къыдыхьа-**Iа**-щ; Махуэми къэпсэлъа-**Iа**-къым; Унэм щIэлъ-**Iа**-къым; Пхъуантэм дэлъ-**Iа**-щ.*

Адыгэбзэм гъэзэщIакIуэу къыщыкIуэфынур псалъэ щхьэхуэхэм я закъуэкъым, атIэ а къалэныр зэхыхьэ зэхуэмыдэхэми ягъэзэщIэфынущ. Апхуэдэу, гъэзэщIакIуэу мымащIэрэ къокIуэ инфинитив зэхыхьэр: ***ПэжыпIэр зэхэпхыны-р*** *куэд и уасэщ* [Дыгъужь 2011: 139.]; ***Бэкхъ щIыны-р*** *Iуэхутэкъым, абы зыгуэрурэ дыкъелынт* [Къашыргъэ 1957: 33]; ***Си ныбжьэгъухэм сахуэзэны-р*** *си дежкIэ гуфIэгъуэшхуэщ.*

ГъэзэщIакIуэу псалъэухам куэдрэ хоувэ IуэхуцIэ зэхыхьэр: ***ЩакIуэхэр уэтэрым къыщытехьэжа-р*** *еплIанэ махуэм и пщыхьэщхьэрт* [КIэрашэ 1963: 67]; ***Вы зимыIэ-м*** *шкIэ щIещIэр* [Псалъэжьыр… 1991: 21]; ***Лыжь къэкIуахэр*** *уэ къоджэ!* [Нало А. 1993: 30]. ЦIэ хъуа IуэхуцIэ зэхыхьэр щыIэцIэхэм ещхьу псалъэухам и зы пкъыгъуэу мэув. ЩыIэцIэхэм хуэдэуи лъабжьэгъусэ **-р, -м** поувэр, апхуэдэ псалъэухам хэт гъэзэщIэныр лъэIэсу е лъэмыIэсу зэрыщытым елъытауэ. IуэхуцIэ зэхыхьэм Iыхьэ нэхъыщхьэу хэт IуэхуцIэм морфологие категорэ псори къыхуонэж (щхьэ, бжыгъэ, зэман, н.къ.).

Адыгэбзэм гъэзэщIакIуэу къыщагъэсэбэп IуэхуцIэ зэхыхьэм хуэдэ нэгъуэщI зэхыхьэхэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, ***-кIэ зэджэр, жыхуаIэр, зыфIэпщыр*** Iыхьэхэр зыхэт зэхыхьэхэр: ***Уэзы МураткIэ зэджэ-р*** *щIалэ фIыцIэ къуэгъукъэ* [ПащIэ 2003: 313]; ***Гурэ гурэ зэрощIэ жыхуаIэ-р*** *зэрыпэжыр хьэкъщ!* [Елгъэр 2013: 67.]; ***ЩIалэ зыфIэпщы-р*** *си ныбжьи* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 301].

Апхуэдэ къалэн дыдэ бзэм щагъэзащIэ зи Iыхьэ нэхъыщхьэр цIэ псалъэ лъэпкъыгъуэу щыт зэхыхьэхэм. Апхуэдэ гъэпсыкIэхэм щхьэхуэныгъэу яIэщ гъэзэщIакIуэу къэкIуар предметым зэрытепсэлъыхьыр, ар къызэрыхигъэщыр, ауэ и цIэр къызэрыримыIуэр. Езы предметымрэ абы и фIэщыгъэцIэмрэ, къапщтэмэ, гъэзэщIэну щытщ. Апхуэдэ зэхэлъыкIэхэм лэжьыгъэцIи лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIи хэткъым, абы къыхэкIыу урысыбзэкIэ зэбдзэкIыну гугъущ. Щапхъэ: ***БдзапцIэм нэхърэ нэхъ хьэлъэу фом нэхърэ нэхъ IэфIы-р*** *жейщ;* ***ЛIы фIыцIэ гъущIынэу емынэ шууей-р*** *Сосрыкъуэщ.*

## 2. Псалъэ зэпхахэр гъэзэщIакIуэу къыщыкIуэр

Адыгэбзэм гъэзэщIакIуэу къыщагъэсэбэп псалъэ зэпхахэри: ***Угъурсызиблым еблanэ-р*** *сэращ* [Къашыргъэ 1957: 61]; ***Бгъум епщIанэ-р*** *сэджытщ* [Псалъэжьхэр 1967: 48]; ***ЛIы-м я леймрэ*** *(уэуэуэ)* ***шы-м я леймрэ*** *Уо! Сынрахьэжьэри* [Народные… 1990: 336].

Апхуэдэхэм хэбгъэхьэ хъунущ **бзум ил, джэду и къуэ** псалъэзэпхахэр: ***Бзум ил*** *и лэпсщ* [Псалъэжьыр… 1991: 16]; ***Джэду и къуэ*** *дзыгъуащэщ* [Псалъэжьхэр 1967: 57].

Зэгъэпщэныгъэ мыхьэнэ зиIэ зэхыхьэхэри мыпхуэдэ гупхэм хэббжэ хъунущ: ***Бжьамийм и гъумагъы-р*** *цIыхухъу Iэпщэщ*; ***Мылым и Iувагъы-р*** *залэщ. Бжьамийм и гъумагъы-р, Мылым и Iувагъы-р* Iыхьэхэр гъэнахуэ псалъэ зэпхауэ, **бжьамий, мыл** псалъэхэр ягъэнахуэу къэлъытэн хуейт. Ауэ, ягъэнаIуэ (ягъэнахуэ) **гъумагъыр, Iувагъыр** псалъэхэм я мыхьэнэкIэ щызу зэрыщымытым

къыхэкIыу, а Iыхьэхэр гъэнэхуакIуэу къыпомыгъэщхьэхукIыу зэхыхьэр зэрыщыту гъэзэщIакIуэу къэплъытэ хъунущ.

ГъэзэщIакIуэу къэкIуэфынущ щыIэцIэм *пэт* Iыхьэ и гъусэу. Апхуэдэхэм деж щыIэцIэм **-рэ** лъабжьэгъусэ пыувэ хабзэщ. Зэгъусэу къэкIуа **-рэ пэт**-хэм псалъэухам «ари» мыхьэнэ халъхьэ: *Бегъымбар-**рэ пэт** щыуащ* [Псалъэжьхэр 1967: 49]; *Хьэндыркъуакъуэ**рэ пэт** «сызыхэс псыр кууащэрэт» жеIэ* [Адыгэ псалъэжьхэр 2004: 27].

Гъэгугъуа гъэпсыкIэхэм хэт апхуэдэ гъэзэщIакIуэм гъэзэщIэну тIу игъусэфынущ, зыр лэжьыгъэцIэ лъэIэсу, адрейр – лъэмыIэсу: *Мо пщIантIэм дэт ди **хьэжь-рэ пэт Iуэху ещIэр**, зи мыхъуми, хьэулей къыдыхьэмэ, **мэбанэр***. Мыпхуэдэ зэхэлъыкIэхэм гъэзэщIакIуэм и псалъэзешэ гъэпсыкIэм зыщихъуэжыркъым, гъэзэщIэныр сыт хуэдэ гъэпсыкIэ зиIэ лэжьыгъэцIэу къакIуэми.

ЩыIэцIэм лъабжьэгъусэ **-м,** зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэм **-бы** пыту, ауэ псалъэзэпыщIэ-лъабжьэгъусэ **-рэ** къэту, етIуанэ псалъэм – щхьэ цIэпапщIэ **дэ**-м псалъэзэпыщIэ-лъабжьэгъусэ **-рэ** пыту зэгъусэу гъэзэщIакIуэу щыту бзэм къыщагъэсэбэпрейщ, гъэзэщIэныр лэжьыгъэцIэ лъэIэсу щыщытми, лъэмыIэсу щыщытым дежи: ***Аграномы-м дэ-рэ** дызэгурыIуащ етIанэгъэ мыбдеж гуэдз тетсэну; **А-бы фэ-рэ** пхъэIэщэр зэвгъэпэщыж*. ГъэзэщIакIуэ зэхэтым и япэ Iыхьэр щхьэ цIэпапщIэмэ, абы морфемэ **-м** (е **-бы**) пытынукъым: ***Уэ дэрэ** жылэ тетсэнщ; **Уэрэ сэрэ** жылэ тетсэнщ.*

ГъэзэщIакIуэу къэкIуэфынущ псалъэ зэпха предметым и теплъэр къигъэлъагъуэрэ, а предметым ипIэкIэ къэхьауэ. Апхуэдэ зэхэлъыкIэхэр я мыхьэнэкIэ IуэхуцIэ зэхыхьэхэм и Iыхьэу щытын хуейт. Ауэ абыхэм IуэхуцIэ хэткъым: *Мо **пыIэ лъагэ-р** шэшэнщ; Мы **цы фэнды-р** джэд хъун? **Афэ джанэхэ-р** арыххэуи зэщIэхъеящ.*

Псалъэхэмрэ къызэрыгуэкI псалъэ зэпхахэмрэ нэмыщI, псалъэухам пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэу хоувэ фразеологизмэхэри. Фразеологизм занэхэр къызэрыхагъэкI пщалъэ нэхъыщхьэ дыдэу къалъытэ ар (фразеологизмэр) псалъэм и мыхьэнэкIэ пэхъуу щытыныр. Фразеологизмэ занэхэмрэ псалъэхэмрэ я грамматикэ, мыхьэнэ нэщэнэ гуэрхэмкIэ зэпэплъыт щIэхъур фразеологизмэхэмрэ бзэм и псалъэхэмрэ куэдкIэ зэрызэщхьырщ. Ауэ абы къыдэкIуэу къыхэгъэщыпхъэщ псалъэр фразеологизмэм елъытауэ синтаксис илъэныкъуэкI нэхъ «лантIэу» зэрыщытыр. Абы къыхэкIкIэ, фразеологизмэ занэхэр псалъэухам и пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэу къызэрагъэсэбэпым я бжыгъэр зэхуэдэкъым. Ахэр нэхъыбэрэ хьэлу е гъэзэщIэну хоувэр. ГъэзэщIакIуэу ахэр къызэрыкIуэр нэхъ мащIэрэщ: ***ШэщIэху хъыбары-м** нэпIэзыпIэм хьэблэр зэщIилъэIэсащ; И адэр зэрыщхьэщымытыж лъандэрэ Хьэсэн **ахъшэ делэ-м** дихьэхыпат.*

ГъэзэщIакIуэм, убгъуа зыщI псалъэхэр и гъусэу, псалъэухам гъэзэщIакIуэм и гуп къыщегъэхъу. Апхуэдэ дыдэуи, гъэзэщIэным, убгъуа зыщI псалъэхэр и гъусэу, гъэзэщIэным и гуп къегъэхъу. ГъэзэщIакIуэм и гупымрэ гъэзэщIэным и гупымрэ зэхэту зы предикат гуп къагъэхъу, псалъэухар и мыхьэнэкIэ щагуэшым деж гъэзэщIакIуэр (абы и гъусэ псалъэхэр дэщIыгъуу) темэу къалъытэ.

Ди къэхутэныгъэм кърикIуахэр къызэщIэпкъуэжмэ, адыгэбзэм и гъэзэщIэныр псалъэухам и лъабжьэгъэтIылъ пкъыгъуэ икIи и зэхэлъыкIэр къызэзыгъэпэщ купщIэ мэхъу. Абы пкъыгъуэ етIуанэхэм ямызакъуэу гъэзэщIакIуэри и унафэм щIегъэувэ. ГъэзэщIэным и нэщэнэмрэ хэхауэ иIэ гъэпсыкIэхэмрэ елъытауэ къызэрыкIуэ, зэхэт, зэхэлъ гъэзэщIэнхэр къыхэбгъэкI хъунущ. ГъэзэщIэну псалъэухам хоувэ щыIэцIэхэр, плъыфэцIэхэр, бжыгъэцIэхэр, цIэпапщIэхэр, къэхъукIэцIэхэр, макъыцIэхэмрэ зэрызыпащIыж псалъэхэмрэ, фразеологизмэ занэхэр, псалъэ зэпхахэр, синтаксис зэхыхьэхэр.

## Источники и литература

1. Адыгэ псалъэжьхэр. ЕтIуанэ тхылъ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1967. 252 н. (Кабардинские пословицы и поговорки. Кн. II. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1967. 252 с.).

2. Адыгэ псалъэжьхэр. Налшык: Эльбрус, 2004. 2004 н. (Кабардинские пословицы. Нальчик: Эльбрус, 152 с.).

3. *Борукаев Т.М.* Грамматика кабардино-черкесского языка. Нальчик, 1932. 140 с.

4. *Дыгъужь Къу. ЩIымахуэ лэгъупыкъу Черкесск: Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и къэрал тхылъ тедзап*Iэ, 2011. 176 н. (Дугужев К. Зимняя радуга. Черкесск: РГУ Карачаево-Черкесское республиканское книжное идательство, 2011. 176 с.).

5. *Дзасежев Х.Э.* Иджырей къэбэрдей-черкесыбзэ (синтаксис). Черкесск, 1969. 155 н. (Современный кабардино-черкесский язык (синтаксис). Черкесск, 1969. 155 с.).

6. *Елгъэр К.* Лъагъуныгъэм и бзэ. Повесть // Iуащхьэмахуэ. 2013. № 4. Н. 45–74 (Эльгаров К. Язык любви. Повесть // Эльбрус. 2013. № 4. С. 45–74).

7. *Камбачоков А.М.* Проблемы простого предложения в кабардино-черкесском языке. Нальчик: Эль-Фа, 1997. 235 с.

8. *Карданов Б.М.* Члены предложения в кабардино-черкесском языке. Нальчик: КБГУ, КБ Институт усовершенствования учителей, 1976. 74 с.

9. *Кумахов М.А.* Сравнительно-историческая грамматика адыгских (черкесских) языков. М.: Наука, 1989. 383 с.

10. *КIэрашэ Т.* Абрэдж. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1963. 180 н. (Керашев Т. Абрек. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1963. 180 с.).

11. *КIэрашэ Т.* Шу закъуэ. Налшык: Эльбрус, 1989. н. 432. (Керашев Т. Одинокий всадник. Нальчик: Эльбрус, 1989. 432 с.).

12. *КIэрэф М. Лъэужь е лIэужь. Повестхэр.* Налшык: Эльбрус, 2009. н. 572. (Керефов М. Оставить след. Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2009. 572 с.).

13. *КIыщокъуэ А.* Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Налшык: Къэбэрдей тхылъ тедзапIэ, 1956. н. 543. (Кешоков А.П. Стихи и поэмы. Нальчик: Кабардинское кн. изд-во, 1956. 543 с.).

14. *КIыщокъуэ А.* Хъуэпсэгъуэ нур. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. II том. Налшык: Эльбрус, 2005. 488 н. (Кешоков А. Чудесное мгновение // Собр. соч. в 6 т. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 2005. 488 с.).

15. *Къашыргъэ Хь.* Насыпым и хэкIыпIэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1957. 309 н. (Каширгов Х. Источник счастья. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1957. 309 с.).

16. *Къэрмокъуэ М.* Щихухэр иджыри мэкI. Ещанэ тхылъ. Налшык: Эль-фа, 2004. 320 н. (Кармоков М. А тополя еще растут. Т. 3. Нальчик: Эль-Фа, 2004. 320 с.).

17. *Нало А.* Тхыгъэхэр. Нэхущ шу. Т. II. Налшык: Эльбрус, 1993, 400 н. (Налоев А. Всадники рассвета. Избранные произведения в 3 т. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 1993. 400 с.).

18. *Нало З.* Адыгэ псалъэгъэпсахэр. Налшык: Эльбрус, 2008. 240 н. (Налоев З. Адыгская паремиология. Нальчик: Эльбрус, 2008. 240 с.).

19. Нартхэр. Адыгэ эпос. ЕтIуанэ тхылъ. Уэзырмэс. Батэрэз. Ашэмэз / ред. нэхъыщхьэр Гъут I. Налшык: Издательский отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2017. 468 н. (Нарты. Адыгский эпос. Озырмес. Батраз. Ашамез / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: Издательский отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2017. 2 т. 468 с. [Электронный ресурс]. URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/2. %D0 %9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB.- %D0%A2%D0%BE%D0%BC-2.pdf (Дата обращения: 15.01.2021).

20. Нартхэр. Къэбэрдей эпос. Налшык: Эль-Фа; Ашэмэз, 1995. 559 н. (Нарты. Кабардинский эпос. Нальчик: Эль-Фа; Ашамез, 1995. 559 с.).

21. Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов. Т. III. Ч. II. М.: Советский композитор, 1990. 488 с.

22. Псалъэжьыр бзэм и дамэщ. Налшык: Нарт, 1991. 208 н. (Пословицы в языке художественной литературы. Нальчик: Нарт, 1991. 208 с.).

23. *Ногма Ш.Б.* Филологические труды. Т. II. Нальчик, 1959. 199 с.

24. *Пащ1э Б.* Усыгъэхэр. Налшык: Эльбрус, 2003. 376 н. (Пачев Б. Сочинения: Стихотворения и поэмы. Нальчик: Эльбрус, 2003. 376 с.).

25. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Синтаксис, пунктуацэ. Налшык: Эльбрус, 1994. 213 н. (Урусов Х.Ш. Кабардинская грамматика. Синтаксис, пунктуация. Нальчик: Эльбрус, 1994. 213 с.).

26. *ШэджыхьэщIэ Хь.* Тэрч щыхьэтщ. Налшык: Эльбрус, 1987. 392 н. (Шекихачев Х. Терек свидетель. Нальчик: Эльбрус, 1987. 392 с.).

27. *Шортэн А.* Бгырысхэр. Роман. Ещанэ тхылъ. Налшык: Эльбрус, 1985. 332 н. (Шортанов А. Горцы. Роман. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 1975. 332 с.).

28. *ЩоджэнцIыкIу А.* Тхыгъэхэр. Налшык: Эльбрус, 2000. 432 н. (Шогенцуков А.А. Избранные произведения. Нальчик: Эльбрус, 2000. 432 с.).

29. *ЩоджэнцIыкIу I.* Софят и гъатхэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1962. 232 н. (Шогенцуков А.О. Весна Софият. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1962. 232 с.).

30. *Яковлев Н.Ф.* Грамматика литературного кабардино-черкесского языка. М.–Л., 1948. 372 с.

## ПОДЛЕЖАЩЕЕ КАК ОДИН ИЗ ГЛАВНЫХ ЧЛЕНОВ ПРЕДЛОЖЕНИЯ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Жилетежев Хажисмель Чиляниевич**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), hazismel@mail.ru

Статья посвящена выявлению семантических и грамматических особенностей подлежащего кабардино-черкесского языка. Отмечается, что подлежащее – один из главных членов предложения, связанный со сказуемым субъектными отношениями и обозначающий производителя действия или носителя состояния. Установлены формы его выражения: в зависимости от переходности / непереходности глагола, которым выражено сказуемое, подлежащее в кабардино-черкесском языке выражается формами именительного и эргативного падежей. На основе анализа большого иллюстративного материала автор показывает, что функцию подлежащего выполняют имена существительные, местоимения, субстантивированные части речи, прилагательные, числительные, причастия, словосочетания и инфинитные конструкции. В статье обобщен новый материал по исследуемой теме, впервые вводятся в научный оборот лингвистические термины на кабардино-черкесском языке.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, подлежащее, предложение, части речи, способы выражения.

## SUBJECT AS ONE OF THE MAIN MEMBERS OF A SENTENCE IN THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

**Zhiletezhev Hazhismel Chilyanievich**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), hazismel@mail.ru

The work is devoted to the identification of semantic and grammatical features of the subject Kabardino-Circassian language. It is noted that the subject is one of the main members of the sentence, connected with the predicate by subject relations and denoting the producer of the action or the carrier of the state. The forms of its expression are established: depending on the transitivity / intransitivity of the verb that expresses the predicate, the subject in the Kabardino-Circassian language is expressed in the forms of the nominative and ergative cases. Based on the analysis of a large illustrative material, the author shows that the function of the subject is performed by nouns, pronouns, substantive parts of speech, adjectives, numerals, participles, word combinations and infinitive constructions. The article summarizes new material on the topic under study, introduces linguistic terms in the Kabardino-Circassian language for the first time.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, subject, sentence, parts of speech, ways of expression.

DOI: 10.31007/2306-5826-2021-1-48-49-55